



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 21/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA KI PÈMÈT TOUT ANPLWAYE LETA YO PRAN KONJE PEYE LÈ YO BEZWEN FÈ TÈS DEPISTAJ POU KANSÈ NAN PWOSTAT YO

Jodi a, Gouvènè Cuomo te siyen pwojè-lwa ki pèmèt tout anplwaye leta pran konje peye lè yo bezwen fè tès depistaj pou kansè nan pwostat yo.

Pwojè lwa (S.8107/A.409-B) sa ap pèmèt jiska katrèdtan konje peye chak ane pou al fè tès despistaj pou kansè nan pwostat yo.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Kansè nan pwostat afekte demilye Nouyòkè chak ane, e kle pou diminye efè ki byen souvan devastatè li yo se lè yo detekte l depi byen bonè.” “Mwen fyè pou m siyen pwojè-lwa sa pou ede asire tout anplwaye leta ka gen aksè a tès depistaj ki ka sove lavi yo.”

Lwa aktyèl la pèmèt konje sa pou tout anplwaye leta sof moun k ap viv nan lavil New York yo.

Amanman sa refilete eleman ki nan lwa Pwogram Asirans pou Kansè nan Tete Gouvènè a te siyen an 2016 la, ki bay tout anplwaye leta menm konje peye sa lè yo al fè tès depistaj pou kansè nan tete yo.

Senatè Kemp Hannon te di: “Kòm kansè nan pwostat se dezyèm kansè ki pi komen gason ameriken soufri, epi yo pral dyagnostike anviwon youn sou sèt gason ak maladi sa pandan lavi yo, mwen santi kè m soulaje akoz yo agrandi kapasite gason sa yo pral genyen pou yo ka al fè tès, pou yo ka prevni kondisyon maladi danjre mòtèl sa a. Meyè chans yon moun ka genyen pou konbat kansè sa yo ki deja twò prevalan yo, se pou yo detekte maladi a yo depi byen bonè. Nan kòmansman ane a, Gouvènè Cuomo te siyen pwovizyon yon lwa ki agrandi absans otorize pou tout fonksyonè piblik ki al fè tès pou despistaj pou kansè nan tete atravè eta yo, epi mwen remèsye Gouvènè a paske li siyen pwojè-lwa enpòtan sa ki pral asire egalite konplè lè li pèmèt konje peye pou tès depistaj pou kansè nan pwostat pou tout anplwaye sa yo tou.”

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te di: “Chak ane, yo dyagnostike preske 15.000 gason ki gen kansè nan pwostat nan Eta New York, epi preske 1.700 mouri akoz maladi sa a. Tousenpleman, lwa sa mete anplwaye Vil New York yo sou yon menm baz egal ak anplwaye Eta New York yo, epi li gen posibilite pou sove lavi demilye moun nan ane k ap vini yo. Menmsi gen anpil bagay nou poko konnen sou kansè, youn nan kèk bagay kominote medikal la sèten nèt, sèke plis rezilta pozitif nan tretman ap posib lè yo detekte maladi a depi byen bonè. Mwen swete ke lwa sa pral pèmèt anplwaye vil la yo

plis aksè a tè s depistaj pou kansè nan pwostat yo, epi mwen aplodi Gouvènè a tou pou lidèchip li nan pwomosyon tè s depistaj pou kansè nan tete atravè Eta New York la.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418